



Ranplasman Pon River Street Odisyon Piblik sou Modèl la

Sa k ap pase?

Rezon odisyon sa a, se pou bay manm kominote Hyde Park yo yon chans pou konprann tout sa ki nan plan MassDOT genyen pou ranplase Pon River Street la. Pandan odisyon an, yo pral prezante 25% nan plan pou modèl ranplasman pon an, ak pon pou sèvis defnitif la, ki pral pèmèt gen yon konneksyon pou bisiklèt ak pyeton ki pase sou ray Koridò Nòdès Amtrak/MBTA a apre yo retire Pon River Street ki la kounye a. Yo pral prezante moun ki la yo enfòmasyon tou sou etap konstriksyon yo, ak sou tan yo kwè yo pral dire, ak sou jan pon yo pwopoze pou ranplasman an konnekte avèk estasyon Tren Pasaje Hyde Park la.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Pon River Street la fèmen pou tout trafik, epi li gen 2 detou ki an plas depi mwa me 2022. Pou redwi konsekans sou kominote a, MassDOT ap fè reparasyon pon ki la kounye a avèk objektif pou louvri li ankò pandan sezon prentan 2024 la, men ajans lan ap kenbe pwomès li pou yon ranplasman konplè ak pèmànman, ki pral pi fasil pou antretyen ak pi garanti pou piblik la pandan lontan. Nou ankouraje tout manm nan kominote Hyde Park yo pou yo vin patisipe.

Kilè

MÈKREDI 3 ME 2023
6:00PM

Pou Patisipe

www.mass.gov/orgs/highway-division/events



Ale nan adrès www.mass.gov/hyde-park-river-street-bridge-replacement-project pou plis enfòmasyon. Tanpri sonje sa, gen yon estennograf ki pral retranskri sa ki pase nan reyinyon an.



Pou MassDOT sèten moun kapab patisipe fasil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonnab: tradiktè, entèprèt, modifikasyon, akomodasyon, fòm altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande fè aranjman sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580 oswa nan

adrès MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, kidonk ant 10 ak 15 jou anvan aktivite a si sa posib.

Ou mèt mande enfòmasyon sou Pwojè a tou nan adrès elektwonik massdotprojectmanagement@dot.state.ma.us. Si ou gen nenpòt deklarasyon ekri sou travay yo pwopoze yo, voye li nan adrès sa a : **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: PROJECT MANAGEMENT, PROJECT FILE NO. 909601.**